



**KURÉL BIY ÀND AK PAAP BI
DI TOPPATOO WAXTAAN WIDIGGANTEY DIINE YI**

XIBAAR NGIR MUJUG KOOR GI

‘ID AL-FITR 1432 H / 2011 A.D.

Kerceen yi ak jullit yi :

nañu ànd suqali xelum nit mi ubbeekul Yàlla

Dëkkub Watikan

Sumay Xarit Jullit yi,

1. Mujjantalub weeru koor gi dafay may Kurél biy ànd ak Paap bi di toppatoo Waxtaan wi diggantey Diine yi bunt ngir jottali leen ay yéeneem tibbe ko fu xóot-a-xóot ci sunu xol ndax ngóora li ngeen def lu tollook weer wile meññ may yépp yi jóge ci Yàlla te ngeen yaakaaroon leen.
2. Ren nak, danu namma fésal xalaatu kàddu gi di *sugali xelum nit mi ubbeekul Yàlla*. Muy dëgg gi ngeen xam ne dafa am solo lool ci sunuy ñaari diine, ci kanamu dékk yi ñu jànkoontel, di xelum nit miy nangu li mu mëna laal ak a natt rekk (*matérialisme*) ak xelum nit miy fegg Yàlla daa naka ba xaw koo bañ sax (*sécularisation*). Jokkoo diggantey nit bépp ak li ko sut doonul dara luy feeñ tey te di weesu suba, waaye dafa di li bokk ci nit. Gëmunu ci li àddina sosoo ci neen-ub-neen (*hasard*), wóor nanu – te danu koy dund bés bu nekk – ne Yàlla dafa bokk ci sunu dund !
3. Kerceen yi ak jullit yi, lu weesu seen wuutee-wuute, xàmme nanu darajay doomu aadama ji ferejkulaayu ci ay yelleef ak ay wareef. Dañuy xalaat ne am xel ak jëfe sa sago, ay may lañu yu ngeen xam ne dañu wara ñaax aji-ngëm yi ci ràññee jikko yooyu am solo te ñu bokk leen ndaxte dañu lalu ci jenn jëmmug nit.
4. Looloo tax jottali ndaw ñi jikkoy nit yu baax yi dafa di li ñu xeloo ànd def. Sunu wareef la nu won leen ne am na li baax ak li bon, won leen ne sagoo di li gëna sell ci nit te ñu war koo weg, won leen it ne suqali xelum nit mi ubbeekul Yàlla dafay tax ba nit ki gëna mottali sas yi ko war, gëna mëna mìankoo ak a taxawu nawleem, gëna mëna yittewoo li ñépp bokk moom.

5. Kerceen yi ak jullit yi, faral nañoo teewe lees ñàkka fonk lu sell, lees ñàkka am kóolute jëmale ko ci aji-ngëm yi. Mënunu lenn nak lu dul fésal bépp meloy fitna ak nappaate, ñaaw njort yi ak xuloo yi niki bunduxataal yiy dal ci kaw aji-ngëm yi ci biir dundug mboolem nawle mi, politig bi ak it ci jumtukaayi jokkoolante yi.
6. Sumay Xarit, jegeñante nanu ci xel, di dagaan Yàlla mu may leen dooley xel mu bees, di leen yéene jàmm ak bànnex.

Jean-Louis Kardinaal TAURAN
Diawrign bi

Pier Luigi CELATA

Utukat bi

**CONSEIL PONTIFICAL
POUR LE DIALOGUE INTERRELIGIEUX**

00120 Cité du Vatican

Téléphone: 0039.06.6988 4321 / 06.6988 3648

Télécopie: 0039.06.6988 4494

Courriel: dialogo@interrel.va

http://www.vatican.va/roman_curia/pontifical_councils/interrelg/index_fr.htm